

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* Karya Joehana (Ulikan Struktural jeung Psikologi Sastra)” miboga tujuan pikeun ngadéskripsiun struktur caritana anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra sarta psikologi kapribadian humanistik anu ngawengku kana pangabutuh fisiologis, rasa aman, rasa cinta, harga diri, jeung aktualisasi diri. Objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* Karya Joehana. Dina ieu panalungtikan, tiori anu digunakeun nyaéta tiori struktur carita fiksi Robert Stanton jeung tiori psikologi kapribadian humanistik Abraham Maslow. Métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik anu digunakeun nyaéta studi pustaka jeung dokuméntasi. Sarta intrumén dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data.

Struktur carita dina Roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* Karya Joehana miboga struktur carita anu lengkep sabab ngandung téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma ieu roman nyaéta dua nonoman anu silih micinta tur jangji bakal satia sarta nuluykeun heula sakolana tapi salasahijina nyaéta Endén Hadijah dijodokeun ka jalma nu henteu dipicinta nepi ka manéhna minggat ti salakina pikeun ngahiji jeung jalma nu dipicintana tapi tungtungna ditundung nepi ka teu wasa deui hirup.

Fakta carita ngawengku galur, tokoh, jeung latar. Galur anu digunakeun dina ieu roman nyaéta galur mérélé anu katitén tina gambaran jalan carita anu ngaruntuy ti mimiti nepiahir anu ngawengku lima runtulan galur nyaéta *situation, generating circumstance, rising action, climax, jeung denouement*. Tokoh nu aya dina ieu roman aya opat welas tokoh. Palaku utama dina ieu roman nyaéta Endén Hadijah, Gan Mahmud, Juragan Wiraguna, jeung Radén Haji Saléh. Tokoh lianna nyaéta Ahdi, Maja, Sarjan, Nyi Sapiyah, ibu Endén Hadijah, ibu Gan Mahmud, Saltimah, Karinah, Mas Karta, Pa ohon. Latar dina ieu roman kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat anu kapanggih aya 52 tempat di antarana dayeuh Bandung, Insulde-Park, Cibeureum, imahna Gan Mahmud, Kebon Seureuh, jeung réa-réa deui. Latar waktu anu kapanggih aya 21 di antarana peuting, bada Isa,

dua poé, Senén hareup, saban Jumaah, jeung réa-réa deui. Latar sosial dina ieu roman nuduhkeun kahirupan sosial golongan ménak dina mangsa Indonésia méméhmerdéka nyaéta sakitaran taun 1914-1942-an nu tempatna di dayeuh Bandung jeung sabudeureunana.

Sarana sastra ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* luyu jeung eusi caritana nyaéta palaku utama Endén Hadijah jeung Gan Mahmud ngalakukeun kasalahan téh lantaran kasalahan kolotna. Kasalahan anak jadi dosa pikeun kolotna. Puseur implengan dina ieu roman nyaéta puseur implengan jalma katilu teu kawatesanan. Sarta gaya basa anu kapanggih dina ieu roman nyaéta gaya basa ngupamakeun, kahanan panelah, mijalma, rarahulan, ngasor jeung purwakanti mitempat rantayan.

Psikologi kapribadian humanistik dina ieu roman dilarapkeun secara gembleng kana tokoh utama nyaéta Endén Hadijah jeung Gan Mahmud. Tokoh Endén Hadijah jeung Gan Mahmud dicaritakeun lima undakan pangabutuh dasarna nyaéta pangabutuh fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh kana rasa cinta (mibanda-dipibanda), pangabutuh kana harga diri, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri. Sedengkeun tokoh lianna saukur dicaritakeun sabagian. Pangabutuh dasar manusa tokoh-tokoh dina ieu roman aya nu kacumponan jeung aya nu henteu kacumponan. Pangabutuh dasar anu loba kapanggih tur kaalaman ku para tokohna dina ieu roman nyaéta pangabutuh kana rasa cinta (mibanda-dipibanda) sabab luyu ogé jeung téma romanna ngeunaan kawin paksa. Pangabutuh dasar kadua anu loba dicaritakeun jeung kaalaman ku para tokohna nyaéta pangabutuh kana rasa aman.

Dumasar kana hasil analisis nu dipedar, bisa dicindekkeun yén roman *Kalepatan Putra Dosana Ibu Rama* miboga struktur carita anu lengkep. Sarta kapribadian humanistik unggal tokohna béda-béda, aya nu kacumponan jeung aya nu henteu.

## 5.2 Implikasi

Implikasi tina hasil ieu panalungtikan nyaéta dina widang paélmuan, sosial, jeung atikan.

Dina widang paélmuan, implikasina nyaéta ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban jeung ngajembaran paélmuan dina widang sastra, hususna dina ulikan struktural jeung psikologi satra.

Dina widang sosial, ieu panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan pangabutuh dasar manusa sangkan bisa kacumponan jeung sangkan bisa ngajauh tina gangguan déprési.

Dina widang atikan, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran atau référénsi guru basa Sunda di sakola.

### **5.3 Rékoméndasi**

Aya sawatara rékoméndasi tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep ngajembaran panalungtikan ngeunaan kasusastraan, hususna ngeunaan psikologi sastra, sarta bisa leuwih ngaéksplor deui tiori ngeunaan psikologi kpribadian humanistik.
- 2) Pikeun siswa, mahasiswa, jeung guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran atau référénsi ngeunaan karya sastra Sunda wangun prosa.
- 3) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan baca dina ngaronjatkeun budaya literasi.